

ЛIыгъэ щIапIэ уихуэмэ...

2-нэ нап.



Ныбжьэгъугъэ уджым зэдыхэтахэр

3-нэ нап.



Къэбым и махуэшхуэм зэхуишэсахэр

4-нэ нап.

ИнтернеткIэ Iэ тевдзэ

«Адыгэ псалъэм» иджы унэм фыщIэсуи Iэ тевдзэ хъунущ. Абы папщIэ фи телефонхэм я камерэр мы QR-кодым тевгъапсэу абы къыфхуигъэлъагъуэ ссылкэм фрикIуэн хуейуэ араущ.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№139 (25.045) ● 2026 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 19, махуэку ● ТхьэмахуэмщэкъыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

Гъащ1э узыншэм и лъабжьэщ



УФ-м и Президент Путин Владимир Физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ заужьынымкIэ советым и зэIущIэм къыщыхигъэщхьэхукIащ цIыхухэм я узыншагъэр хъума хъуным хуэщхьэпэну спорт лIэужьыгъуэхэр. Къэрал Унафэщ1ым и унафэкIэ ЦIыхубэ спортым зегъэужьыным и концепцэ къызэрагъэпэщынущ.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и унагъуэ куэдым я бынхэр спортым драгъэхьэх. Адэ-анэхэр, нэхъыжьхэр, зэрыхабзэу, спортсмен ныбжьыщIэхэм я ехъулIэныгъэхэм ирогушхуэ, сыт и лъэныкъуэкIи зыщIагъакъуэ.

Физкультурэмрэ спортымрэ жылагъуэ гъащIэ узыншэм и лъабжьэщ. Республикэм и Iэхум сытым деналъэм иIэ зэрыхъурэ псы есынми, хоккейми, фигурнэу мылым къыщыжыхыным дихьэххэм къахэхъуащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым псори зэхэту спорт лIэужьыгъуэу 40-м нэблагъэм зыщыхуагъасэ.

2019 гъэм щегъэжьауэ республикэм щаухуащ спорт ухуэныгъэу 70-м нэблагъэ, лIэужьыгъуэ зэхуэмыдэхэм зыщыхуагъасэ утыкуу 34-рэ.

«Мы илъэсым зэрыщIидзэрэ щIыналъэм дунейпсо мыхьэнэ зиIэ зэхьэзэхуэ куэд щекIуэкIащ. Къыхэзгъэщыну сыхуейщ спортым и зыужьыныгъэм тренерхэм хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуащIыр. Зы махуи блэкIыркъым ди спорсменхэм я текIуэныгъэхэм теухуа хъыбар гуапэхэр къэмыIуу. Мы гъэм ди спортсмен 47-м дыщэ, дыжьын, домбеякъ медалхэр къахьащ, Къэбэрдей-Балъкъэрми Урысеймми я спорт ехъулIэныгъэхэм къыхагъахъуэу. Шэч къытесхьэркъым, спортым япэ лъэбакъуэхэр хэзыч1э ныбжьыщIэ куэдым я цIэр фIыкIэ зэрызэхэтхынум, дызэрыригушхуэнум. Урысейпсо, дунейпсо зэхьэзэхуэхэм я чемпион хъуауэ дызэрыгушхуэхэм хуэдэу», - щитхащ КъБР-м и Iэтащхьэм Максим щиIэ напэкIуэцIым.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм мы махуэхэм щызэхэта «Урыс лъэпкъ тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ тхъумэу» еплIанэ фестивалым зэхуишэсащ республикэм щыпсэу лъэпкъ псоми я лIыкIуэхэр.

ЗЭХЫХЬЭМ и хьэщIэ лъапIэт КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Татьянэ зи пашэ депутат гуп, КъБР-м и Правительствэм хэтхэр, республикэм и районхэмрэ къалэхэмрэ, министерствэхэмрэ IуэхущIапIэхэмрэ я унафэщIхэр, дин, жылагъуэ лэжьакIуэхэр, дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ ветеранхэмрэ, щIалэгъуалэр. Абыхэм папщIэ ЩIалэгъуалэм я унэм къыщыззрагъэпэщат Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм я лъэпкъ шхыныгъуэхэр, цIыхубэ IэщIагъэхэр, хабзэхэр къызыхэщ гъэлъэгъуэныгъэ.

Фестивалыр къызэригъэпэщащ КъБР-м Урыс тхыдэмрэ щэнхабзэмкIэ и «Вече» жылагъуэ зэгухьэныгъэм, республикэм Лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министерствэр и дэIэпыкъуэгъуу.

Зэхыхьэр Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я къэрал гимнэмкIэ къызэIуахащ. Пшыхьым щIидзэн ипэ къихуэу, япэу псалъэ иратащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Татьянэ. Абы жиIащ сыт хуэдэ зэманми щэнхабзэм жылагъуэ гъащIэм мыхьэнэшхуэ зэрыщиIар, цIыхухэр зэгурыIуэным, зэкъуэтыным ар лъабжьэ зэрыхуэхъур. «Урысейр лъэпкъ щэнхабзэ щIэинкIэ къулей къэралыгъуэшхуэщ. Абы дунейпсо щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэм хуищIа хэлъхьэныгъэри инщ. А хабзэр дэ IэщIыб тщIы хъунукъым, - къыхигъэщащ Егоровэм. - 2026 гъэр Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсщ. Абы иджыри зэ дегъэлъагъу зи гугъу тщIы Iуэхум и мыхьэнэр зэрыиныр. Къыхэгъэщын хуейщ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм лъэпкъ зэкъуэтыныгъэм хэлъхьэныгъэу хуащIри зэрымымащIэр. Мы зэхыхьэм зэныбжьэгъугъэр, гуапагъэр, зэгурыIуэныгъэр и лъабжьэщ, шэч хэмылъуи, ахэращ сыт щыгъуи сэбэп хъуар лъэпкъыбэ ди къэралыр зыуэ щытынымкIэ, цIыхухэр мамыру, зэгурыIуэу здэдэпсэунымкIэ, гугъуехьхэр зэгъусэу къызэранэкIынымкIэ».

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къудамэ Къуэшырокъуэ Залым республикэм и Iэтащхьэм къыбгъэдэкI фIэхъускIэ къызэхуэсахэм захуигъэзащ. «Къызэрыхэщащи, 2026 гъэр УФ-м и Президентым и унафэкIэ Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсу ягъэувауэ щытащ. ЦIыхухэр щIэупщIэрт абы ехьэлIауэ екIуэкI Iуэхугъуэ дахэхэм пащэну щыIэ Iэмалхэм. Арати, иджыблагъэ УФ-м и Президентым и деж Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ щыIэ советым и зэIущIэм щыдалыгъащ къэкIуэну илъэсипщIыр Урысей Федерацэм и зэкъуэтыныгъэм траухуэныр. Абы къигъэлъагъуэу къыщохъу цIыхубэ зэкъуэтыныгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ дИ къэралым гулъытэ хэха зэрыхуищIыр. «Урысейр хъума зэрыхъунур абы и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм дызэрыхуэсакъщ», - жиIащ УФ-м и Президентым. Ди къэралым и пашэм пщэрылъ къытщищIыр къыщыдэхъулIэнур ди лъэпкъ лъапIэныгъэхэр, тхыдэр, щэнхабзэр тхъумэкIэрэщ. Фестивалым и къызэгъэпэщакIуэхэм фIыщIэ яхуэзощI, урыс щэнхабзэмрэ тхыдэмрэ хъумэным, абы республикэм щыпсэу лъэпкъ псори къызэщIегъэубыдэным мыхьэнэшхуэ зэрыратым къыхэкIыу», - жиIащ Къуэшырокъуэм.

Пятигорскрэ Черкесскрэ я Архиепископ Феофилакт жиIащ: «Нобэрей Iуэхугъуэм гур хегъахъуэ, фIыуэ тлъагъу Къэбэрдей-Балъкъэрым мыхьэнэшхуэ зиIэ зэхыхьэ щокIуэкIри. Уэзгырыlуэу уэздэгъуэгурыкIуэным нэхъыщхьэщыIэкъым, ар ехъулIэныгъэхэм я хэкIыпIэщ. Урысейр къэрал лъэрызехьэ зыщIыр ар зэрылъэпкъхьбэрщ, абы исхэм я щэнхабзэмрэ тхыдэмрэ зэрахъумэжыфырщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым лъэпкъ зэхэгъэж щыIэкъым, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм къахэкIахэм унагъуэ зэдаухуэ, насыпыфIэу зэдопсэу. Иджыпсту гъэунэхуныгъэ дыщыхэт зэманщ. Апхуэдэм дежщ цIыхубэр зэрызэкъуэтыр нэхъ нэрылъагъу щыхъур. Ди къуэшхэр лIыгъэ яхэлъу зэуапIэм Iутщи, ди зэкъуэтыныгъэр абыхэм зыхедгъэщIэн хуейщ. Арауэ къызолъытэ мыпхуэдэ Iуэхугъуэхэм я мыхьэнэ нэхъыщхьэр». Архиепископым ЩIыхь тхылъ иритащ «Вече» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Литвинов Роман.

Лъэпкъ щэнхабзэмрэ тхыдэмрэ хъумэным, ахэр щIэблэм яIэщIэлъхьэжыным я мыхьэнэм тепсэлъыхьащ Тэрч къэзакъ дзэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Трушев Антон, КъБР-м ис муслъымэнхэм я дин Iуэхущ1апIэм и унафэщIым и къудзэ Сыжажэ Алим сыми.

Литвинов Роман къызэхуэсахэм фIыщIэ яхуищIащ икIи и псалъэм къыхигъэщащ, зэхыхьэр еплIанэу екIуэкIми, Налшык ар япэу къызэрыщызэрагъэпэщар. «Ди дежкIэ псом хуэмыдэу лъапIэщ Урысейм хуаIэ лъагъуныгъэм зэкъуигъэува, лъэпкъ, дин зэхуэмыдэхэм щыщ цIыхухэр мыбы къызэрыщызэхуэсар. Мы махуэшхуэм и мыхьэнэ нэхъыщхьэр ди лъабжьэр тхъумэнырщ, пщIэ зэхуэтщIынырщ, ди Хэкур егъэфIэкIуэным зэгъусэу делэжьынырщ, - жиIащ къэпсэлъам. - Дауэ мыхъуми, бзэм, щэнхабзэм, тхыдэм щIэблэхэр зэпащIэ, къэкIуэнур яубзыху. ИкъукIэ ди гуапэщ мы Iуэхугъуэр Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсым зэрекIуэкIыр. Ди къулеигъэ нэхъыщхьэр цIыхухэращ, лъэпкъ IэщIагъэхэм, анэдэлъхубзэм, щэнхабзэм щIэблэр дезыгъэхьэхэращ. Зи лъабжьэр къызыфIэIуэхум и гъунэгъум и тхыдэми пщIэ хущIынущ. Дызэкъуэтын щхьэкIэ ди зэхуаку пщIэ дэлъын хуейщ».

Литвиновыр тепсэлъыхьащ зи унафэщI зэгухьэныгъэр дзэ Iуэху хэхам хэтхэм щIэгъэкъуэн зэрахуэхъу щIыкIэм. Абы фIыщIэ яхуищIащ фестивалыр къызэгъэпэщынымкIэ дэIэпыкъуэгъу къыхуэхъуахэми абы зыкърезыгъэхьэлIахэми. «АдэкIи дыхущIэкъунущ анэдэлъхубзэмрэ ди тхыдэм и пэжыпIэмрэ зэрытхъумэнум, Хэкум и Iуэхухэр дэтIыгъыным, щIэблэр абы хуэфащэу къэдгъэхъуным», - дыщIигъуащ абы.

Пшыхьым зыкъыщагъэлъэгъуащ республикэм и уэрэджыIакIуэ пажэхэу Гуазэ Тимур, Саенкэ Евгение, Теппеев Алим, Енин Евгений, Якимов Ярослав, Ломоносовэ Варварэ, Мэзыхьэ Анастасие, Теувэжыкъуэ Сафие, «Тэрч къэзакъхэр», «Шагъдий», «Арабеск», «Насып», «Ассорти», «Амир», «Ровесницы», «Горошинка» ансамблхэм, апхуэдэуи Осетие Ищхъэрэ-Аланием я уэрэджыIакIуэхэу Гудиевхэ Аслъэнрэ Маринэрэ, Георгиевск къалэм и цIыхубэ драмэ театрым къикIахэм, нэгъуэщIхэми. Пшыхьым и кIэм щIыхь тхылъхэмрэ саугъэтхэмрэ зыхуагъэфэщахэм иратыжащ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.



Урыс щэнхабзэм зэкъуегъэувэ





● Гу зылъытапхъэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм зыхуэвгъэзэнумэ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек щэкIуэгъуэм и 26-м эфир занщIэкIэ цIыхухэм епсэлъэнущ - республикэм щыпсэухэм щIыналъэм и унафэщIым зыпащIэфынущ, зыхуей упщIэхэр ирату, зыгъэпIейтейхэм и гугъу ящIу е жэрдэмхэр къыхалъхьэу. Линэ занщIэм сыхьэт 15-м щIидзэнущ.

УпщIэхэр евгъэхь хъунущ МАХ-м и чат-ботымкIэ, апхуэдэуи 8 (8662) 22-93-00, 8 (928) 711-94-00 телефонхэмкIэ.



ЩIалэгъуалэм я хэщIапIэ

Дзэлыкъуэкъуажэ зыхуей щыхуагъазэ иджырей щIалэгъуалэ центр къыщызэIуахыну я мурад, щIэныгъэ гуэдзэ щызрагъэгъуэт республикэ центрым иубыд ухуэныгъэм и япэ къатыр. Лэжьыгъэр ягъэзэщIэну Iэмал къаритащ «ЩIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ» лъэпкъ проектым. ХъыбарымкIэ и напэкIуэцIым цIыхухэм щадэгуэшащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.

НОБЭРЕЙ Iуэхукlэ ток зэрызекIуэ кIапсэхэр кIуэцIрашакIэщ, щхьэгъубжэхэр халъхьащ. Иджыпстукlэ унэлъэгум йолэжь, блынхэр зэрахьэ, унащхьэр трагъэзагъэ, сэбэп мыхъуну Iыхьэхэр Iуах.

Хьэзыр хъуа блынхэр IэщIагъэлIхэм ягъэщIэращIэ, Iуплъапlэм, пщIантIэм ардыдэр иращIэ.

Кърахьэжьа лэжьыгъэр зэфIэкIмэ, ар щIалэгъуалэм и гукъыдэж псоми гъуэгу щигъуэтыну щIыпIэ хъунущ, зэхуэзэну, я зэчийм зрагъэужьыну, щIэныгъэ щызрагъэгъуэтыну Iэмал яIэу.



Элинэ гуапэу кърагъэблэгъэж

Налшык и аэропортым вэсэмахуэ къыщрагъэблэгъэжащ ныбжьыщIэхэм я 5-нэ гъэмахуэ Олимп джэгухэу Африкэм хыхьэ Сенегал къэралыгъуэм и къалащхьэ Дакар щекIуэкIам тхэквондомкIэ (ВТФ) етIуанэ увыпIэр къыщызыхьа Тхьэмокъуэ Элинэ. Абы гуапэу Iущ1ащ КъБР-м спортымкIэ и министрым и къуэдзэ Хэжь Заур, КъБР-м Тхэквондомкlэ и федерацэм и тхьэмадэ Щокъарэ Азрэталий, КъБР-м и Парламентым и депутат, УФ-м щIыхь зиIэ и тренер Ахъмэт Амир сымэ, нэгъуэщIхэри.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек гуапэу ехъуэхъуащ пщащэ ныбжьыщIэмрэ абы и тренерхэмрэ дунейпсо зэхьэзэхуэ иным ехъулIэныгъэ зэрыщаIам щхьэкIэ, дяпэкIи текIуэныгъэ инхэмкIэ урысей спортымрэ щалъхуа лъахэмрэ я щIыхьыр яIэтыну зэригуапэри къыхигъэщащ.

Кэнжэ къуажэм дэт «Пять колец» спорт академием и гъэсэн Тхьэмокъуэ Элинэ олимпиадэм зэIущIищ щригъэкIуэкIати, тIум щытекIуащ и зэфIэкIкIэ хьэрхуэрэгъухэм ефIэкIыу. Финалым абы къыщытекIуащ Хорватием и спортсменкэ лъэщ, Европэм и чемпионкэр. Элинэ езыри УФ-мрэ Европэмрэ пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтIа зэхьэзэхуэхэм япэ увыпIэхэр къыщихьащ, дунейпсо зэпеуэм ещанэ щыхъуащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

ЛIыгъэ щIапIэ уихуэмэ...

Украинэм щекIуэкI дзэ Iуэху хэхам хэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ щIалэгъуалэ куэд, лIыгъэрэ хахуагъэрэ къагъэлъэагъуэу. Абыхэм ящыщ зыщ Дзэлыкъуэ куейм хыхьэ Приречнэ къуажэм къыщыхъуа щIалэ гуащIафIэ Батыр Алим Анатолэ и къуэр.



КЪУАЖЭ курыт еджапIэр къиуха нэужь, абы машинэщIыж IэщIагъэр щызригъэгъуэтащ Налшык къалэм дэт колледжым. Дзэм ираджэу и къалэныр щIыхь пылъу игъэзащIэу къигъэзэжа нэужь, УФ-м Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министерствэм ди республикэм и Дзэлыкъуэ щIыналъэм щиIэ къудамэм лэжьэн щыщIидзэри, илъэс 11-кIэ яхэтащ.

Украинэм щекIуэкI дзэ Iуэху хэхар щаублэм, зэгурыIуэныгъэкIэ абы кIуащ икIи къызэрымыкIуэу лIыгъэшхуэ къыщигъэлъэгъуащ зауэ губгъуэм.

«Тхылъым щатхауи жаIэуи зэхэсхакъым уэ къэбгъэлъэгъуа лIыгъэм хуэдэ», - къыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек, лIыхъужьым и унагъуэм щихьам. Фигу къэдгъэкIыжынщи, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденыр абдеж щритат Iэтащхьэм.

АдэкIэ фыщыдогъэгъуазэ Батыр Алим къыджиIам.

- Сэ лIыгъэ зесхьащ жысIэу си щхьэр сIэтыркъым. СIэтыну сызыхуейр сыкъызыхэкIа си лъэпкъырщ. «Псэм ипэ напэ» псалъэжьыр сытым щыгъуи си гъуазэщ. Си адэшхуэ Батыр Iэбу Хэку зауэшхуэм щызэрихьа лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ си гум илъу сыкъогъуэгурыкIуэ. Абы и пщIэ лъагэм пысщэн папщIэщ зауэ губгъуэм сыщIихьари. Адэ-анэм ябгъэдэс си къуэш нэхъыщIэр, дзэ Iуэху хэхам щраджэм, ар си псэм схутегъэхуакъым, емыкIуу къэслъытащ шынэхъыщIэр зауэ губгъуэм иту, сэ унэм сыщIэсыну. Зэман дэзмыгъэкIыу комиссариатым зэгурыIуэныгъэ есщIылIэри, си къуэшым и пIэкIэ сыдэкIащ. Сыхуейт къэралыр зыхъумэхэм сахэтыну, сэбэп сыхъуну. Зауэ губгъуэм куэд щытлъэгъуащ. УIэгъэ сыхъуу губгъуэм сыкъыщинэм, си гур сухыжу, «сыкIуэдащ», жысIэу сыувыIакъым. УнэмкIэ къыщызэжьэхэм сакъызэрыхыхьэжыным си нэр къыхуикIыу, си гур къахуеIэу, си гъащIэм и нэхъ зэман дыджхэр а губгъуэм щызгъэкIуащ. «УлIэнми лIыгъэ хэлъщ» жыхуаIэрати, зэи си акъылыр еувэлIакъым сыщымыIэжыным. Адыгэхэми жаIэ: «ЛIыгъэ щIапIэ уихуэмэ, къэгъэлъагъуэ узищIысыр». Сытым щыгъуи адэ-анэм ди тхьэкIумэм ирамыгъэкIа псалъэ Iущхэм сегупсысырт, Тхьэм селъэIурт сызэрыхуа щытыкIэ гугъум сыкърихыну.

Шхын сызэрыхуэныкъуэр псы сызэрыхуэлIэм сщигъэгъупщэжырт. «Ди Тхьэ, уэшх къегъэшх», - жысIэрти селъэIурт. ГъэщIэгъуэнракъэ, Тхьэшхуэм сызэхихами ярейуэ, къызэщIэуфIыцIэрти, уэшхыр кърикIыхыу къешхырт, абыкIэ си псыхуэлIэр исхырт.

Зауэ губгъуэм сыкърахыжыну дапщэрэ къызэмыпсэлъами, яхуэздакъым. Сыт щхьэкIэ? Мэзым бзухэр куэду щIэсти, лъэ макъ зэрызэхахыу щтэрти, хэлъэтырт. Абы бийр «къигъэушынурэ», псори хэкIуэдэнут. Сэр щхьэкIэ цIыху схухэгъэкIуэдынутэкъым. Апхуэдэу мазипщIкIэ сыщIэсащ мэзым.

СыздэщыIэ щIыпIэм урысеидзэр километритхукIэ пэгъунэгъу къыхуэхъуауэ къыщысщIэм, си лъэм сихьынутэкъыми, сыпщащ сынэсыху.

Гугъуехьым сыщыхэтым, анэм и псалъэ дахэхэр си тхьэкIумэм итащ. СызыщIэхъуэпсыр си анэ гу махэм и макъыр зэ зэхэсхыжынырт. «Си анэ лъапIэ, сыпсэущ», - жесIэнырт. Гур зыхуэпабгъэм сылъэIэсащи, Тхьэм фIыщIэ хузощI.

ФIым ухущIэкъумэ, фIым ухуэзэнущ. ФIыщIэ ин зыхуэфащэ ди нэхъыжьыфIхэм лIэщIыгъуэ куэдым къыкIуэцIраха лIыгъэр, хахуагъэр, хабзэр, нэмысыр къыдэкIуэтей щIэблэм зэрахэтпщэным дэтхэнэ зыри дыхущIэкъупхъэщ. Абыхэм ялъагъумрэ зэхахымрэ зэрызыхаубыдэнум шэч хэлъкъым. Хэкур фIыуэ ялъагъуу, къызыхэкIа я лъэпкъыр ягъэпэжу къэхъун папщIэ, нэхъыжьхэм щапхъэ дгъэлъэгъуапхъэщ, - жеIэ щIалэм.

Батыр Алим хузэфIэкIар егъэлеящ. Зауэ губгъуэм уиту, уи уIэгъэ хьэлъэр зыхуей хуэбгъэзэн жыхуэпIэр къызэрымыкIуэу Iуэхушхуэщ. Алим хузэфIэкIам хуэдэ зи фэм дэзыгъэхуэфа щыIауэ си щхьэкIэ сыщыгъуазэкъым.

Гу зыкIуэцIылъ щIалэм дохъуэхъу апхуэдизу къызыхуеIа адэ-анэмрэ и унагъуэмрэ яхуэузыншэу, зэрихьа лIыгъэм хуэфащэ пщIэ къыхуащIу дунейм тетыну.

КЪАНКЪУЛ Раисэ.

Беслъэней щIэныгъэлI цIэрыIуэм и щапхъэ

ЩэкIуэгъуэм и 15-м и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирикъуащ экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, УФ-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, ЕгъэджэныгъэмкIэ Урысей академием и академик, ФинансхэмкIэ университетым и президент-щIэныгъэхэмкIэ и унафэщI Есчындар Мухьэдин Абдурэхьман и къуэм. Абы кIуащ IуэхукIэ, лэжьыгъэ купщIафIэкIэ гъэнщIа гъащIэ гъуэгуанэ. Мухьэдин и ехъулIэныгъэ псом я щхьэщ пщIэ хуащIу, фIыуэ ялъагъуу нобэ къыбгъэдэт и ныбжьэгъу пэжхэр. Абы и дуней тетыкIэмрэ лэжьыгъэу кърихьэлIамрэ мы тхыгъэмкIэ дыщызыгъэгъуазэр куэд щIауэ и ныбжьэгъу, Москва къалэм щIыхь зиIэ и ветеран, Москва дэс адыгэхэм я зэгухьэныгъэм и Нэхъыжьхэм я советым и тхьэмадэ, экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм, Ингушым щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ Агъырбэ Юрийщ.

ЗЫ ЛIЫ ныбжь къыщызэбнэкIам деж блэкIам ухуоплъэкIыжри, къохъулIамрэ къомыхъулIамрэ, пхузэфIэкIамрэ узыхунэмысу къэнамрэ къыбопщытэж. Абы щыщ дэтхэнэ лъэбакъуэри лъапIэщ цIыхум дежкIэ, куэдым уогупсысыж, блэкIам нэгъуэщIу уIуоплъэж. А блэкIар бейуэ къызыхущIэкIахэм ящыщщ Есчындарыр, ауэ «къаплъэ нэхърэ - къиплъ» жыхуаIэращи, лъэныкъуэкIэ укъыщытмэ, нэхъыбэж болъагъу.

«КъызэрыгуэкI лъагапIэ къохъулIэн щхьэкIэ, Iуэхугъуэшхуэхэр уи плъапIэу щытын хуейщ» къыхуеджэныгъэм тету мэпсэу Мухьэдин. Абы и гъащIэр и щапхъэщ цIыхум езым и къарурэ зэфIэкIкIэ куэд зэрызригъэхъулIэфым.

Зи махуэшхуэр зыгъэлъапIэ ди къуэшыр зи лIыгъэкIэ цIэрыIуэ хъуа Беслъэней шэрджэс къуажэм къыщалъхуащ. Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм Ленинград къыдаша сабий 32-р къезыгъэла беслъэнейдэсхэм я щIэблэщ Есчындарыр. Гитлер и щхьэфIэххэр яужь ит пэтми, абыхэм ящымышынэу сабийхэр унагъуэ-унагъуэкIэ зэбграшри, я унэ тхылъхэм ирырагъэтхауэ щытащ адыгэхэм. А Iуэхум я щхьэр халъхьэн хуей зэрыхъунур ящIэми, зы адыгэ къикIуэтакъым, сабийхэр кърагъэлащ.

И лъэпкъым, къуажэгъухэм къалъыкъуэкIа лIыгъэм иригушхуэ Мухьэдин къару къыхэзылъхьэхэм ящыщщ зи гугъу тщIа Iуэхур, езыри а щапхъэ дахэм ирикIуэри, и гъащIэ псом шэрджэс лъэпкъым и пщIэр къэIэтыным телэжьащ.

Мухьэдин и адэ-анэ Есчындар Абдурэхьманрэ Рэбихьэтрэ я сабиибгъум я ебланэт. ЗыхапIыкIар зэман гугъу пэтми, адэ-анэм яхузэфIэкIащ щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ цIыху щыпкъэу гъащIэм хагъэувэн, абыкIэ езыхэр щапхъэ нэс яхуэхъуащ, лэжьыгъэмрэ цIыхугъэмрэ пщIэ хуащIу япIащ.

Мухьэдин пщIэшхуэ хуищIырт Хэку зауэшхуэм хэта и адэм, абы и псалъэхэрщ гъуазэ хуэхъуари, аращ еджэным хуэзыущияри. ЦIыху хуэдэ цIыхуу щытынымкIэ мыхьэнэшхуэ игъэзэщIащ и анэми. Ар зыцIыхуу щытахэм жаIэж щIалэм зыхилъхьа хьэлыфIхэр - жыджэрагъыр, гурыхуагъэр, пашэу щытыныр, щIэм хуэпабгъэныр - и анэм хэлъу зэрыщытар. Абы и чэнджэщхэмрэ псалъэ Iущхэмрэ сытым дежи къыхуэсэбэпащ Мухьэдин я нэхъ IэнатIэ гугъу дыдэм щыпэрыхьами. Зэанэзэкъуэм зэпыщIэныгъэ быдэ я зэхуаку дэлът. Мухьэдин махуэ къэс телефонкIэ епсалъэрт и анэм, Iэмал зэриIэу лъагъунлъагъу кIуэжырт. АбыкIэ абы къигъэлъэгъуащ, и къулыкъу лъагэхэм емылъытауэ, къуэ гумащIэу зэрыщытыр.

ЕджэнкIи, Iуэху щIэнкIи, гупсысэкIэкIи зэрыцIыкIу лъандэрэ къуажэ сабийм къахэщырт Мухьэдин. Ар дэни щыяпэт. Беслъэней курыт школым фIы дыдэу щеджащ, математикэм нэхъ дихьэхыу щытащ. Абы щыгъуэм егъэджакIуэхэм гу лъатат щIалэ цIыкIум акъыл жанрэ гупсысэ куурэ зэриIэм, гъуэгуанэшхуэ къызэрыпэщылъым.

Мухьэдин сытым дежи тхылъыр и Iэпэгъут. Беслъэнейдэсхэм абы и гугъу щащIкIэ, ягу къагъэкIыж сытым дежи тхылъыр IэщIэлъу зэрыщытар. А тхылъхэм я фIыгъэщ ар цIыху лъэрызехьэ зэрыхъуар.

Школыр къиуха нэужь, «Беслъэней» совхозым механизатору лэжьэн щыщIидзащ Мухьэдин, кIэщI дыдэуи комсомол зэгухьэныгъэм и Iэтащхьэ ящIащ.

1971 гъэм, и ныбжьыр илъэс 20 ирикъуа къудейуэ, къалащхьэм кIуэри, Москва финанс институтым щIэтIысхьащ.

Япэ махуэм щегъэжьауэ жэуаплыныгъэ зыхэлъ, гъэсэныгъэ екIу зыбгъэдэлъ, щIэныгъэм хуэпабгъэ щIалэу зыкъигъэлъэгъуащ абы. Къыдеджэхэм пашэу зэрахэтым гу щылъатэм, институтым и комсомол зэгухьэныгъэм и секретару 1973 гъэм ягъэуващ. Абы псоми зэрепсэлъэн бзэ къахуигъуэтыфырт, сыт и ныбжьми, сыт хуэдэ лъэпкъ къыхэкIами емылъытауэ. КъищынэмыщIауэ, литературэм, гъуазджэм, жылагъуэ гъащIэм фIыуэ хищIыкIырти, абыхэм ятеухуауэ гъэщIэгъуэну къыбдэуэршэрыфырт.

Студентукъригъажьэри, зыщIэтIысхьа еджапIэм и ректор хъуащ Мухьэдин. Студенту, аспиранту, деканым и къуэдзэу, къудамэм и унафэщIу, декану, проректору, япэ проректору лэжьащ, 2006 гъэм ректор къулыкъум пэрыхьащ. Абы ипкъ иткIэ, IэнатIэм и сыт хуэдэ лъэныкъуэми фIыуэ щыгъуазэти, къалэну къэувым, цIыкIуми инми, езыр пэлъэщу, гупышхуэр зы унагъуэу зэдигъэлажьэу апхуэдэт. ФинансхэмкIэ университетыр Есчындарым и унафэ щIэува нэужь, къэралым щынэхъ лъэрызехьэ еджапIэ нэхъыщхьэ хъуащ жыпIэкIэ ущыуэнукъым. Араш нобэрей лъэпкъ IэщIагъэлI нэхъ ехьэжьахэр къыщIэзыгъэкIыр.

Илъэситху мэхъури, Есчындарыр ФинансхэмкIэ университетым и Президенту мэлажьэ.

Еджагъэшхуэ, IэщIагъэлI къызэрымыкIуэу зэрыщытым къыдэкIуэу Мухьэдин цIыхугъэшхуэ зыхэлъ лIыщ. Дэ дощIэ абы хуэдэу ныбжьэгъум пщIэ хуэзыщI, хуэпэж зэрыгъуэтыгъуейр. Сэ илъэс 30-м щIигъуауэ си ныбжьэгъущи, солъагъу абы хэлъ хабзэмрэ нэмысымрэ, цIыхухэм зэрахущытымрэ къэзыухъуреихьхэм пщIэуэ яхуищIымрэ. Сыт щыгъуи чэнджэщэгъу пщIыну щхьэпэщ, дэIэпыкъуэгъу ухуэныкъуэми япэ иту къэсынухэм ящыщщ.

Мухьэдинрэ сэрэ ди зэныбжьэгъугъэр лъэщщ икIи быдэщ, ауэ бий дыщызэрыгъэхъуи щыIэщ, дызыдэщI футбол командэхэр зэрызэмыщхьым щхьэкIэ. Ар «Динамо»-м и телъхьэщ, сэ сызыдэщIыр «Спартак»-рщ. Ди командэхэр щызэдэджэгу махуэм дэ тIур дызэхуэмызэмэ нэхъыфIщ. Иужьрейуэ стадионым дисащ ди футбол командэхэр зэдэджэгуу. Сыту куэд щыщIа ди псэм абы щыгъуэм. Сэ зы лъэныкъуэкIи, «Спартак»-м и текIуэныгъэм сыщIэхъуэпсырт, зы лъэныкъуэкIи, Мухьэдин и юбилейм ирихьэлIэу игу хэзгъэщIыну сыхуейтэкъым. Ди насыпти, командэхэр зэрытегъэкIуакъым.

Есчындарым къулыкъукIи, лэжьыгъэкIи, щIэныгъэкIи куэд хузэфIэкIащ, мащIэкъым а псом щхьэкIэ къыхуагъэфэща щытхъухэмрэ фIыщIэхэмри. 1996 гъэм абы Зэныбжьэгъугъэм и орденыр, «УФ-м ЦIыхухэм щIэныгъэ егъэгъуэтынымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» бгъэхэIу дамыгъэр 1997 гъэм къратащ, 2001 гъэм Урысей Федерацэм и Президентым ЕгъэджэныгъэмкIэ и саугъэтым и лауреат хъуащ, 2009 гъэм къыфIащащ «Урысей Федерацэм щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр, «Урысейм и хэкупсэ» медалыр, Николаев Лев и цIэкIэ щыIэ дыщэ медалыр, «Хэкум и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденым и IV, III нагъыщэхэр, Столыпиным и цIэкIэ щыIэ медалыр къратащ.

Зыпэрыт лэжьыгъэ нэхъыщхьэм къыдэкIуэу, къэрал, жылагъуэ зэгухьэныгъэ куэдым и гуащIэ хелъхьэ Мухьэдин. Ар хэтщ Урысей Федерацэм и Президентым, министерствэ зыбжанэм я деж щыIэ къэпщытакIуэ гупхэм, УФ-м ШынагъуэншагъэмкIэ и ЩIэныгъэ советым, УФ-м ФинансхэмкIэ и министерствэм, УФ-м и Налог къулыкъущIапIэм я Жылагъуэ советхэм, Урысей ректорхэм я Союзым и унафэщI гупым, Компание, банк зыбжанэм я УнафэщIхэм я советым, УФ-м Дзэ щIэныгъэхэмкIэ и академием.

А псоми къадохуэри, къыщалъхуа Къэрэшей-Шэрджэсымрэ Кавказ Ищхъэрэмрэ и гулъытэрэ IуэхущIафэкIэ ялъоIэсыф. Ар сытым дежи щыгъуазэщ и хэку цIыкIум щекIуэкI Iуэхухэм, хэгъэгу Iэтащхьэхэм япыщIащ, чэнджэщкIэ, щIэныгъэ IуэхукIэ сыт щыгъуи я щIэгъэкъуэнщ.

Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Осетие Ищхъэрэ - Аланием, Ингушым, Шэшэным, Дагъыстэным щыщ щIалэгъуалэ куэдым я хъуэпсапIэщ ФинансхэмкIэ университетым щIэтIысхьэну, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, абыхэм щапхъэ яхуохъу адыгэ щIалэр.

И хэкум гупцIанэу зэрыхущытым и щыхьэтщ республикэ Iэтащхьэхэм езы Мухьэдин къыхуащI гулъытэри, апхуэдэу 2018 гъэм Къэрэшей-Шэрджэсым и Iэтащхьэ Темрезов Рашид «Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденыр къыхуигъэфэщауэ щытащ, Ингуш Республикэм и ЩIыхь тхылъыр къритауэ щытащ Iэтащхьэу лэжьа Евкуров Юнус-Бек. Ар Къэрэшей-Шэрджэс, Къэбэрдей-Балъкъэр, Адыгей, Ингуш республикэхэм, Бурятием, Къалмыкъым щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэщ.

Сыт хуэдэ къулыкъу пэрымытами, Есчындар Мухьэдин щIэныгъэ Iуэхум зэи къыхэкIакъым. Урысейм и къэкIуэнум, экономикэ, финанс, егъэджэныгъэ IэнатIэхэм зегъэужьыным хуищI хэлъхьэныгъэм нобэр къыздэсым пещэри, и узыншагъэмрэ къарумрэ иджыри куэдрэ Тхьэм пигъэлъэщ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

Дунейм щыхъыбархэр

ЗэхущытыкIэфIхэр яIэщ

УФ-м и Президент Путин Владимиррэ КНР-м и УнафэщI Цзиньпин Сирэ «Цилинь Шаньчжуан» къэрал резиденцэм щызэIущIащ, сыхьэтитIым щIигъукIи зэпсэлъащ. Мы илъэсым зэрыщIидзэрэ къэрал лIыщхьэхэр иджы ещанэ зэхуозэ.

УРЫСЕЙМРЭ Китай ЦIыхубэ Республикэмрэ я унафэщIхэр тепсэлъыхьащ дунейм щыщыIэ щытыкIэм, къэралитIым яку дэлъ зэхущытыкIэхэм. Путин Владимир и псалъэхэм къызэрыхэщамкIэ, Москварэ Пекинрэ зыхущIэкъур Азие-хы Хуэм щIыналъэм мамырыгъэрэ зэIузэпэщыгъэрэ къыщызэгъэпэщынырщ. «ЛъэныкъуитI зэхущытыкIэхэри зэпIэзэрытщ: къэралхэм я сату зэдэлэжьэныгъэм илъэс зэкIэлъхьэужьхэм доллар мелард 200-м щIигъу къапэкIуащ. Транспорт зэпыщIэныгъэхэми заужь: визэ хэмыту зэкIэлъыкIуэн зэрыщIадзэрэ Урысеймрэ Китаймрэ я турист зекIуэхэм процент 43-кIэ хэхъуащ», - жиIащ Путин Владимир.

Си Цзиньпин къыхигъэщащ Москварэ Пекинрэ я зэпыщIэныгъэхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэр икIи абы зегъэубгъун хуейуэ къызэрилъытэр. Апхуэдэу абы диIыгъащ Урысейм и Президентыр унафэр зы цIыхум щыIэщIэмылъ дуней къызэгъэпэщыным и телъхьэу зэрыщытри.

Анэ мылъкум хохъуэ

УФ-м Лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэу къащхьэщыжынымкIэ и министерствэм къызэритамкIэ, етIанэгъэ анэ мылъкур сом зы мелуаным щIигъунущ.

МАЗАЕМ и 1-м щегъэжьауэ япэ сабийм папщIэ сом мин 778,5-рэ, етIуанэм, нэхъапэкIэ анэ мылъкур къаIэрымыхьамэ, - сом 1 028 700-м щIигъу иратынущ. Сабий къалъхуам зэ тыгъуэу хуаутIыпщ ахъшэр сом мин 30,4-рэ хъунущ.

Сабий зиIэ унагъуэхэр дэIыгъыным хуэунэтIауэ щыIэ анэ мылъкумкIэ программэр 2007 гъэ лъандэрэ мэлажьэ. А ахъшэр тебгъэкIуадэ хъунущ псэупIэр егъэфIэкIуэным, сабийм щIэныгъэ егъэгъуэтыным, ныкъуэдыкъуагъэ зыбгъэдэлъ цIыкIухэм я узыншагъэр зэтегъэувэжыным, апхуэдэуи ар анэм и пенсэм и гъэтIылъыгъэ Iыхьэми хыуигъэлъхьэнущ.

ЩэкIуэгъуэм и 19, *махуэку*

♦**Гъуэгухэм къыщыхъу насыпыншагъэхэм хэкIуэдахэр ягу къыщагъэкIыж дунейпсо махуэщ**

♦**ЦIыхухъухэм я дунейпсо махуэщ**

♦**Урысей Федерацэм и Ракетэдзэхэмрэ артиллериемрэ я махуэщ**

♦**1941 гъэм** Налшык къалэм ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и комитетым Къэбэрдей-Балъкъэр шууей дивизэр къызэгъэпэщыным теухуа унафэ къищтащ.

♦**1942 гъэм** советыдзэхэр Сталинград деж щебгъэрыкIуэу хуежьащ, къалэр хуит къэщIыжыным хуэунэтIа зауэшхуэм щIидзащ. Ар екIуэкIащ 1943 гъэм мазаем и 2 пщIондэ.

♦**1985 гъэм** къалъхуащ дуней псом Iэпщэрыбанэ спорт лIэужьыгъуэмкIэ и чемпион **ХьэкIырэ Атмир**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 10, жэщым градуси 4 - 7 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 4-кIэ зихъуэжынущ.

ЩэкIуэгъуэм и 20, *мэрем*

♦**Сабийм и дунейпсо махуэщ**

♦**Сабий дохутырым и дунейпсо махуэщ**

♦**1942 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Габуние Зинаидэ**.

♦**1946 гъэм** къалъхуащ КъШР-м, АР-м щIыхь зиIэ я журналист, «Къэрэшей-Шэрджэс» КъТРК-м и адыгэ къудамэм и унафэщIу щыта **ЩакIуэ Мусалий**.

♦**1952 гъэм** къалъхуащ юридическэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, АКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Мерэтыкъуэ Хьисэ**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 12 - 15, жэщым градуси 6 - 9 щыхъунущ.

Къытхэхъуащ

Вэсэмахуэ республикэм къыщалъхуащ сабий 18: 8-р хъыджэбз цIыкIущ, 10-р щIалэщ.

Дыгъуасэ - сабий 26-рэ: 14-р хъыджэбз цIыкIущ, 12-р щIалэщ.

ЩэкIуэгъуэм зэрыщIидзэрэ щIыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 402-рэ, илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ 7604-рэ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Дзыгъуэ пэтрэ и гъуэ щылIыхъужьщ.

● Мэкъумэш

Фермерхэмрэ уней IуэхущIапIэхэмрэ я Iыхьэхэр

2026 гъэм и мазибгъум къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и фермерхэмрэ уней IуэхущIапIэхэмрэ IэщхэкI продукцэу къыщIагъэкIам и куэдагъым хагъэхъуащ. ЖыпIэнурамэ, лырэ джэдкъазылу къалэжьащ (псэууэ шэчауэ) тонн мин 24-м нэблагъэ е нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм яхузэфIэкIам нэхърэ проценти 6,5-кIэ нэхъыбэ.

ГЪЭШУ къашар тонн мин 69,6-м нызэрыхьэсащ. Нэгъабэрей бжыгъэхэм нэхърэ ари проценти 2,1-кIэ нэхъыбэщ. ДжэдыкIэу кърахащ мелуани 5,3-рэ е нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ проценти 5,4-кIэ нэхъыбэ.

КъищынэмыщIауэ, къапщытэж пIалъэм къриубыдэу республикэм псори зэхэту гъэшу къыщашам и процент 16,5-р, джэдыкIэу къыщрахам и проценти 3-м нэблагъэр фермерхэмрэ уней IуэхущIапIэхэмрэ къалъос.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Къуажэхэр къызэхекIухь

Бахъсэн район администрацэм и Iэтащхьэ Абрэдж Iэдиб иджыблагъэ къызэхикIухьащ щIыналъэм и къуажэхэр икIи зыщигъэгъуэзащ социальнэ ухуэныгъэхэр къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжыным ехьэлIауэ абыхэм щекIуэкI лэжьыгъэхэр здынэсамрэ щIыпIэ псэупIэ фондым фэтэр куэду зэхэт унэхэр псы хуабэкIэ къызэгъэпэщынымкIэ и IэнатIэр къызэрагъэщIэрэщIэжамрэ.

ЯПЭЩIЫКIЭ ар щыIащ Къубэ-Тэбэ къуажэм. Мыбы лэжьыгъэшхуэ щрагъэкIуэкI фэтэр куэду зэхэт унэхэм щыпсэу унагъуэхэм я пэшхэр езыхэм щхьэхуэу къагъэплъыж хъууэ зэтеублэным хуэунэтIауэ. Абыхэм трагъэкIуэдэну ахъшэр бюджетым щымыщ мылъкущ.

Абрэджым зригъэлъэгъуащ монтаж лэжьыгъэхэм я фIагъыр зыхуэдэр икIи епсэлъащ IэщIагъэлIхэмрэ унэхэм щыпсэухэмрэ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, цIыхухэм я унэхэр езыхэм къагъэплъыжын щIадзэу щытмэ, хуабэ яIэрымыхьэнкIэ е къызэпыудынкIэ шынагъуэр ящхьэщыха хъунущ, коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм трагъэкIуадэ ахъшэми хэпщIыкIыу хэщIынущ.

Зеикъуэ къуажэм Абрэдж Iэдиб къыщызэхиплъыхьащ къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыж курыт еджапIэ №№1, 3-хэр. Лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкI «ЩIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ» лъэпкъ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ. ХьэщIэр яхуэзащ ухуэныгъэ IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэм икIи ахэр тепсэлъыхьащ зыхуагъэувыжа пIалъэм тету, фIагъ лъагэ яIэу, иджырей мардэм къитIасэ материалхэр къагъэсэбэпу лэжьыгъэхэр зэфIагъэкIын зэрыхуейм, абы щхьэкIи щIапхъэхэм. Мыбдежым псом нэхърэ щынэхъыщхьэр еджакIуэ цIыкIухэм я шынагъуэншагъэмрэ тыншыпIэмрэ нэсу къызэгъэпэща хъунырщ.

Бахъсэн щIыналъэ администрацэм и унафэщIыр щыIащ Бахъсэненок къуажэми. Жылэм социальнэ мыхьэнэ зиIэ ухуэныгъэу тIу щаухуэ. Япэр сабий садыщIэрщ. Абрэджым зригъэлъэгъуащ ухуакIуэхэр я лэжьыгъэм зэрехъулIэ щIыкIэр. ЕтIуанэр, курыт еджапIэ №1-рщ. Ар къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыж мы махуэхэм. ЗэкIэ унэ пэшхэр къращIыкIащ, нэгъуэщI лэжьыгъэхэри щрагъэкIуэкI.

«Къуажэ щIыпIэхэм я коммунальнэ, социальнэ инфраструктурэхэр егъэфIэкIуэныр ди къалэн нэхъыщхьэхэм яхохьэ. Школхэр къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжыныр, сабий садыщIэхэр ухуэныр, хуабэр зыхъумэ Iэмалхэр псэупIэхэм къыщыгъэсэбэпыныр цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIа лэжьыгъэщ. Лъэпкъ пэхуэщIэхэмрэ къэрал программэхэмрэ япкъ иткIэ ирагъэкIуэкI Iуэхугъуэхэм сыт щыгъуи дакIэлъоплъ икIи ткIийуэ ди нэIэ ятедгъэтщ: материал къагъэсэбэпынухэр къыщащэхум деж къыщыщIэдзауэ объектхэр хьэзыр хъуауэ щатыным нэсыху», - жиIащ Абрэдж Iэдиб.

ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.

ЗэгурыIуэныгъэ зэраухылIэ

● Дызэкъуэту

«Хэкум и хъумакIуэхэр» фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэмрэ «Федерация силового спорта КБР» IуэхущIапIэмрэ зэрызэдэлэжьэнумкIэ зэгурыIуэныгъэ зэраухылIащ. Ар хуэгъэзащ дзэ Iуэху хэхам щыIэхэмрэ абы и къикIыжахэмрэ ядэIэпыкъуным.

ЗэгурыIуэныгъэмкIэ я мурад нэхъыщхьэр дзэ Iуэху хэхам къикIыжхэр жылагъуэ гъащIэм хэгъэзэгъэжынымкIэ, спортымкIэ я узыншагъэр ирагъэфIэкIуэнымкIэ гулъытэ хуащIынырщ. Къулыкъум къикIыжхэм папщIэ къызэрагъэпэщынущ спортымкIэ зэхуэзэхуэхэр, зэIущIэхэр.

ГЪУЭТ Синэ.



Илъэс хъурейкIэ зыщагъэпсэху щIыпIэ

2026 гъэм и мазибгъум къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым турист Iуэхутхьэбзэу щалэжьам сом мелард 20,8-рэ къыпэкIуащ, налог ахъшэу бюджетым сом мелард 1,718-рэ ягъэкIуащ. Турист IэнатIэм цIыху мини 6-м нэблагъэ нобэ щолажьэ.

ГЪЭМ зэрыщIидзэрэ нобэр къыздэсым ди республикэм къэкIуащ туристу зы мелуанрэ мин 581-рэ. Нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ процент 1,5-кIэ нэхъыбэщ ар. Абыхэм ящыщу процент 60-м нэблагъэм зыщагъэпсэхуащ е зыщаплъыхьащ Iуащхьэмахуэ лъапэ. А пIалъэм къриубыдэу Налшык къалэр къыхэзыхахэм я бжыгъэми процент 41-кIэ къыхэхъуащ.

НобэкIэ туризм IэнатIэм щылажьэ хьэщIэщхэм я бжыгъэр 650-м щIегъу икIи абыхэм псоми зэхэту гъуэлъыпIэу мин 23-м щIигъу яIэщ. Зы илъэсым къриубыдэу хэхъуэр процент 7-м нэблагъащ.

«Туризмэмрэ хьэщIагъэмрэ» лъэпкъ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ сом мелуан 432,4-рэ къагъэсэбэпащ. АбыхэмкIэ яухуащ псынщIэу зэпкърыплъхьэ-зэпкърыпхыж, бгъэIэпхъуэ хъу модульнэ хьэщIэщхэм хуэдэхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и туризм IэнатIэм и лэжьыгъэр хуэунэтIащ ди щIыналъэм и щIыпIэ дахэхэм илъэс хъурейкIэ зыщыбгъэпсэху, зыщыпплъыхь хъууэ ахэр зэтеублэным, сыт хуэдэ зэмани фIагъ лъагэ зиIэ Iуэхутхьэбзэ зэхуэмыдэхэр щрагъэгъуэту щытыным.

Псалъэм папщIэ, «Iуащхьэмахуэ» курортыр щIымахуэм мэлажьэ. КIапсэ гъуэгухэр илъэс къэс къагъэщIэрэщIэж зэпытщ, езы гъуэгухэр нэхъ кIыхь ящI, туристхэм хуащIэ Iуэхутхьэбзэ лIэужьыгъуэхэми къыхагъахъуэ. Нэгъабэ бгы джабэм лыжэкIэ къыщажыхьащ махуэ 247-кIэ, хьэщIэу щыIащ цIыху мин 490-м нэблагъэ. КъищынэмыщIауэ, 2030 гъэм ирихьэлIэу кIапсэ гъуэгухэм я кIыхьагъыр километр 35-м щIрагъэгъун мурад щыIэщ. Абы щхьэкIэ кIапсэ гъуэгуу 4 иджыри яукъуэдиинущ, хьэщIэщхэм я гъуэлъыпIэхэм мини 4-м нэблагъэ къыхагъэхъуэнущ, лэжьыгъэ IэнатIэщIэу мини 2-м щIигъу къызэрагъэпэщынущ.

Налшык къалэ курортым и хьэщIэщхэм щIэтIысхьэхэм я бжыгъэр процент 80-м щIегъу. Псалъэм къыдэкIуэу, дызэрыт илъэсым и мазибгъум къалащхьэм и санаторэхэм зыщагъэпсэхуащ, зыщагъэхъужащ цIыху мин 33-м щIигъум. Абыхэм ирагъэгъуэт медицинэ Iуэхутхьэбзэхэм къадэкIуэу, ахэр зыплъыхьакIуэ яшэ, щIыпIэ дахэр ирагъэлъагъу.

Гъэмахуэ лъэхъэнэм хьэщIэхэр щынэхъыбэщ, Iуащхьэмахуэ лъапэ нэмыщI, Гуэл щхъуантIэхэм, Шэджэм псыкъелъэхэм, Шэрэдж аузым, Балъкъэр Ищхъэрэм, нэгъуэщIхэми.

«Кавказ лъэпкъ лъагъуэ» проектым ипкъ иткIэ лъэс лъагъуэщIэхэр зэIузэпэщ ящI, зыхуей хуагъазэ. Абы хохьэ Iуащхьэмахуэ ихъуреягъкIэ къекIуэкI, «ТекIуэныгъэм и лъагъуэ» экологие зыплъыхьыпIэхэр. ЗэрыжаIэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым уздэкIуэ хъу щIыпIэ и мащIэкъым.

ЖЫЛЭХЬЭЖ Артур.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

КъикІуэт зымыщІэхэм я мэкъумэш щІэкІэ

Газет тедзэгъуэр къэсыху, ахэр кІуэдыжрэ мыкІуэдыжрэ щызэхэдгъэкІ зэдауэхэр щІыдогъэхуабжьэ. Ауэ печатым щылажьэ псоми фІыуэ ящІэ цІыхухэр газетхэм щІэупщІэнрэ щІэмыупщІэнрэ абы и тедзапщІэм и закъуэ зэремылъытар.

ДУНЕЙМ щекІуэкІым щымыгъуазэ цІыхур нэфым, дэгум, бзагуэм ещхьщ. Пэжщ, хъыбар псори газетхэмрэ журналхэмрэ къидмыхынкІи хъунщ, ардыдэхэм ятхри ди фІэщ щымыхъу къытхуохуэ. ИтІани, цІыху губзыгъэм щІы хъурейм щекІуэкІыр, зэманым и нэщэнэр зыгуримыгъаІуэу игу зэгъэнукъым. Ухуеймэ, «газет», ухуеймэ, «интернет» фІэщ, - а щІэныгъэр димыІэу, ди пащхьэм щекІуэкІыр Іупщ1 зыщытщІыжыфынукъым.

Мыдрей лъэныкъуэмкІэ убгъэдыхьэмэ, дымыщІэр къыджезыІэ къыдэкІыгъуэм и цІэмрэ абы хуэтщІ пщІэмрэ елъытащ къыджаІэр ди фІэщ хъунрэ мыхъунрэ. КъыттекІуауэ жыхуэтІэ интернетми и къару нэхъыщхьэр журналистхэм я лэжьыгъэрщ.

Тэтэрстаным щыІэ «Татмедиа» агентствэр Урысей печатым и къудамэ нэхъ пъэрызехьэхэм ящ. ЦІыхухэр газетхэм щІэупщІэу хъужын папщІэ, унафэм хэлъхьэн хуей зэхъэкІыныгъэхэм ятеухуауэ иджыблагъэ стІол хъурей щекІуэкІащ зи гугъу тщІы Іуэхущ1апІэм. Щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэ а Іуэхум хуэхъуар республикэм и правительствэм цІыхухэм газетхэмрэ журналхэмрэ яІэрыхьэным хуэгъэзауэ 2026 - 2030 гъэхэм къриубыдэу ягъэзэщІапхъэ къалэнхэр зэрызыхуигъэувыжарщ.

«Дауи, совет зэманым хуэдэу, киоскыр Іуахмэ, газет къэсщэхунщи, хъыбарыщІэхэр къэсщІэнщ жаІэу, тхуэщІыжыну къыщІэкІынкъым дэ цІыхухэр, - щыжиІащ стІол хъурейм «Татмедиа»-м и унафэщІым и япэ къуэдзэ Миргалимов Ильдар. - Нэгъуэщ1 лъэхъэнэ къэунэхуащ, Іэмэпсымэщ1эхэр къежьащ. Іэмалыщ1эхэр къэгъуэтын хуейуэ аращ. Псалъэм папщІэ, печатым къыщІигъэкІ хьэпшыпхэр цІыхубэ зэхуэсыпІэхэм щызэбгрыбгъэкІ хъунущ. Къэзан ар къыщехъулІа щапхъэхэр и мащІэкъым, япэрауэ. ЕтІуанэрауэ, къалэхэм газет щапІэхэр къыщызэІупхыжыну тынш дыдэщ».

ИтІани, хэкІыпІэ псоми я щхьэр абы епха политикэ унафэрщ. Тэтэрстаным и премьер-министр Песошин Алексей Іэ щІидзакІэщ республикэм сату щезыгъэкІуэкІ объектхэм 2026 - 2030 гъэхэм къриубыдэу печатым зэрызыщІагъэкъуэну Іуэхутхьэбзэхэр зыубзыху хабзэщІэхэм.

Псалъэм папщІэ, транспортым, щэнхабзэм, узыншагъэм кІэлъыплъыным, спортым, социальнэ зыхъумэжыныгъэм епхахэм, къэрал, муниципальнэ Іуэхущ1апІэ псоми я къалэнщ газет-журналхэр щащэ киоскхэм щІыпІэ хухагъэщхьэхукІыну. АбыкІэ къэрал къулыкъущ1апІэхэр къадэІэпыкъун хуейщ.

2029 гъэм зэфІагъэкІыну я мурадхэм хохьэ киоскыжьхэр щІэкІэ яхъуэжыныр. Газет-журналхэм нэмыщІ, апхуэдэ тыкуэн цІыкІухэм щащэну зыхуит хьэпшыпхэм ятеухууэ унафэ щхьэхуэ къокІуэ. Печатым къыщІигъэкІхэр (газетхэр, журналхэр, тхылъхэр) яхуэзыщэ Іуэхущ1апІэ псоми къэралым гулъытэ хэха къахуищІыну къагъэгугъэ. ЦІыхубэм тхылъхэр, газетхэр, журналхэр яІэрыхьэнымкІэ, ахэр еджэным драгъэхьэхынымкІэ жъуап зыхьхэм ар зэрызрагъэхъулІэну я мурад Іэмалхэм теухууэ план зэхагъэувэн хуейщ. Псом хуэмыдэу ар я пщэ къыдохуэ цІыху куэд щызэхуэс, туристхэр нэхъыбэрэ зэкІуалІэ щІыпІэхэр зи нэІэ щІэтхэм.

«Татмедиа» Іуэхущ1апІэмрэ республикэм промышленностымрэ сату Іуэхуэмкlэ и министерствэмрэ унафэщІэхэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъынухэщ.

Мы зи гугъу тщІа зэхъуэкІыныгъэ псоми я мыхьэнэр Тэтэрстаным и цІыхубэм прессэ хуэІухуэщІэхэр яІэрыгъэхьэнырщ, ар нэхъыфІу икІи нэхъ тыншу зэбгрызыгъэкІ хэкІыпІэхэр къагъуэтынырщ.

Иджыри къэс лэжьа хабзэхэм япкъ иткІэ, Тэтэрстаным щыІэн хуейт прессэр щащэ щІыпІэ 1779-рэ. Абыхэм ящыщу ипэжыпІэкІэ лажьэр щІыпІи 168-рэщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым теухауэ апхуэдэ бжыгъэхэр къытхуэзыхьын дгъуэтыну ди фІэщ хъуркъым. Зэрыжа1эу, дызэмыуа бэрэбанэрэ дымыгъэджа накъырэрэ къэнакъым, итІани, нобэр къыздэсым ди къыдэкІыгъуэхэр цІыхухэм хуиту яІэрыхьэркъым. ЯфІыжыдмыІэу мыхъунури хэкІыпІэ къызыхуэзгъэлъхъуапхъэри зыщ: ди щІыналъэм нэгъунэ къыщыдэкІ тхылъхэкІхэр цІыхубэм я дежкІэ гъуэтыгъуейуэ къонэ. Еджэхэм я бжыгъэм хагъэхъуэну мурад губзыгъэ зэращІыфа къудеймкІэ уемыхъуэпсэнкІэ Іэмал иІэкъым Тэтэрстаным.

«Газетхэр къащэхуну ягъуэтыркъым», - жыпІэмэ, къыпщыдыхьэшхынур нэхъыбэщ иджыпсту, абыхэм зыри хуэмынакъуэж хуэдэу щытщ. Ауэ Іуэхум хэзымыщІыкІхэм къагурымыІуэращи, интернетым кърал1хьа хъыбарыр къызрахар мыгазетмэ, зыгъэхьэзырар пэжымрэ пцІымрэ зэхигъэкІыным елІалІэ журналисту щымытмэ, ар дзыхь зыхуэпщІхъуну псалъэ щымыхъур нэхъыбэщ.

ДызыгъэпІейтей Іуэхугъуэр къызэхъулІа щІыналъэхэм ящ Воронеж областым щыІэ «Сегодня-пресс» Іуэхущ1апІэри. Абы и унафэщІ Тимофеев Игорь зэрыжиІэмкІэ, абыхэм хэкІыпІэ дэгъуэ къызэрагъуэтрэ куэд щІащ: печать хуэІухуэщІэхэр къыдэзыгъэкІыр зыщ, зэбгрызыгъэкІыр нэгъуэщІщ. КІэщІу жыпІэмэ, пощтым щыгугъыр мащІэщ.

- 1996 гъэм щегъэжьауэ, печатым къыщІигъэкІ хьэпшыпхэр тедзэным тещІыхьа сатумрэ ар зэбгрышыным телажьэхэмрэ зэпагъэщхьэхукІащ, - жиІэ Игорь. - Мы гъэм ди Іуэхущ1апІэр илъэс 30 дрикъуащ. Газет-журналхэр зэбгрышын Іуэхум зыри димыІэу дыпэрыхьауэ жыпІэ хъунущ. ЯпэщІыкІэ «шэрхъым тет ашыкхэмкІэ» къыщІэддзащ, тыкуэнхэм, клубхэм къуэгъэнапІэ цІыкІухэр щыдгъэуву. ИтІанэ япэ киоскхэр къэтщэхуащ, абыхэм етІуанэр, ещанэр къахэхъуащ. Иджыпсту ди Іуэхущ1апІэм Воронеж, Липецк, Белгород, Тамбов, Орёл газетхэр щызэбгрегъэкІ. Псори зэхэту киоск 300-м нэс диІэщ, нэгъуэщІ Іуэхущ1апІэхэм хэту - тыкуэн цІыкІу 600-м нэс догъэлажьэ.

Тимофеевым и интервьюм мыхьэнэ нэхъ зиІэу хэт упщІэхэмрэ жэуапымхэмрэ гу лъыбэдгъэтэнут:

- Газетыр уІэбэмэ къыпІэрыхьэу къыпхуэщэхуным сыт и мыхьэнэр?

- Егъэлеяуэ мыхьэнэшхуэ иІэщ. ЦІыхухэм гъуэгуанэшхуэ зэпачыфу щытащ нэхъапэм, иджыпсту апхуэдэжкъым. Щапхъэ къэсхьынщ: ди киоскхэм яз здэщытам деж кърахри, метр 20 - 30-кІэ Іуагъэкіуэтати, ящэ бжыгъэм зэуэ кІэрыхуауэ щытащ. Псори мэпІащІэ, газетыр кІуэрыкІуэм здытетым къамыщтэмэ, я гъуэгур яхъуэжу, абы и лъыхъуакІуэ къуэгъэнапІэм нэс кІуэнукъым.

- Печатыр унафэ зыІэщІэлъхэм я фІыгъэкІэ къызэтенауэ жыпІащ. Сыт абы къибгъэкІар?

- ЩІыналъэ щхьэхуэхэр щыІэщ, прессэр зэбгрыкІын зэрыхуейр къащыгурымыІуэу. Абыхэм Іуэху ящІауэ уэрам тыкуэн цІыкІухэр щагъэкІуэдыж. Уэрам гуэр зыхуей хуагъэзэн щІадзэри, абдежым щыт киоскыр гъуэгум траххэм дагъакІуэ.

- СМИ-р интернетым дэкІуэдыжыр пэж?

- Интернетыр СМИ-къым, цІыху зэпсэлъапІэу аращ. Абы ит тхыгъэхэм и кІэм нэс зэджэу къахэхуэр мащІэ дыдэщ. ЦІыхур хъыбарыщІэхэм ирожэ, щІалэгъуалэр зэплъыр сурэтхэрщ, видеохэрщ, псалъащхьэхэрщ. Газетыр къапщтэ, бгъэтІылъ, укъеджэж мэхъу. Печатым къыщІигъэкІа къыдэкІыгъуэмрэ интернет хъыбарымрэ хуащІ дзыхьым шурэ лъэсрэ я зэхуакущ. Ар щыпэжыр Урысейм и закъуэкъым, дуней псом щыапхуэдэщ.

ЩІэджыкІакІуэ нэхъ набдзэгубдзаплъэхэм къагурыІуа къыщІэкІынщ ди акъылэгъуэр адыгэбзэкІэ щІэдгъэпсалъэм и щхьэусыгъуэр. Газетхэр иджыри щыІэкІэ щыІэщ, ауэ адыгэбзэкІэ традзэ печать хуэІухуэщІэ псори абы щІэупщІэхэм зэраІэрымыхьэм бзэм и лэжьакІуэхэр пщІэншэрытхэ ещІ. Щэн-щэхуэныр къэбгъанэмэ, цІыхум зыгуэрым седжарэт жиІэн папщІэ, ар и нэм къыфІэнэу щытын хуейщ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, къалэныр нэхъыбэу зи пщэ далъхьэр ар улахуэ къэхъыпІэ къудейуэ къызыщыхъуэхэрщ. «Хэт абы хуейр?» упщІэм Іуэхур хуэдутІыпщмэ, зымышхыжынум и мэкъумэш щІэкІэ жыхуаІэращ дызыхуэкІуэнури, ди Іэфракlэм дызэремыдзэкъэжьфынур нэхъ пасэу къыдгурыІуакІэщэрэт.





Лъэпкъ Іуэху

Ныбжьэгъугъэ уджым зэдыхэтахэр

Пятигорск къалэм дэт 2-нэ курыт еджапІэм иджыблагъэ щекІуэкІащ «Ныбжьэгъугъэ удж: щэнхабзэхэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ я махуэ» зыфІаща дауэдапщэр. А еджапІэм щІэсщ лъэпкъ зыбжанэм щыщ цІыкІухэр. ИкІи дауэдапщэр зэрекІуэкІа махуитІым (щэкІуэгъуэм и 12 - 13-хэм) еджапІэм щызэуэса хуэдэт дунейм лъэпкъыу тетым я лІыкІуэхэр. Адыгэхэм къабгъэдэкІыу абы хэтащ а школым пэщІэдзэ классхэмкІэ, урысыбзэмрэ литературэмкІэ и егъэджакІуэ Іэпыч Эммэ.

Дэ Эммэ зыхуэдгъэзащ Іуэхур зэрекІуэкІам и гугъу едгъэщІыну.

- Эммэ, мы дауэдапщэр зищІысым, зэрекІуэкІым утезгъэпсэлъэхьынут, псом япэрауэ.

- Мыр ди еджапІэм хабзэ дахэу къищтащи, илъэс ещанэ хъуауэ ирегъэкІуэкІ, ди унафэщІым и жардэмкІэ. Лъэпкъ куэдым къахэкІахэр щІэсщ ди курыт еджапІэми, гъэщІэгъуэн хъунут щхьэж и щэнхабзэм дыщигъэгъуэзамэ, фестиваль хуэдэу зыгуэр зэхэтшамэ жиІэри, етхьэжьащ. Урыс, ермэлы, афган, тэтэр, алыдж... Куэд мэхъу. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, язныкъуэхэм я лъэпкъ щэнхабзэр ямыщІэххэу, щымыгъуазэу къогъуэгурыкІуэ. Ауэ, мы дауэдапщэм и фІыгъэкІэ, защІэжауэ жыпІэ хъунущ. 8-нэ классыр си нэІэ щІэтщ, адыгэ сабии 3 щІэсщ, жыпІэнуракъэ, лъэпкъыбэщ си классыр. Пхъэидзэ ящІри, си классым адыгэ щэнхабзэр игъэлъэгъуэну къытхуикІат.

- АтІэ, адыгэу цІыхуи 3 фІэкІа уимыгъусэу дауэ адыгэ щэнхабзэр утыку къызэрипхьэфар?

- Езгъаджэ сабийхэм я адэ-анэхэм си щхьэр лъагэу сагъэлъэгъужащ абы и лъэныкъуэкІэ. Абыхэм япщэфІауэ джэдлыбжьэ, лыцІыкІу лыбжьэ, пІастэ, тхьэмщІыгъуныбэ, хьэлыуэ, зэкІэрыс, мы дунейм теттэкъым ямыпщэфІа жыпІэнт! Псалъэм папщІэ, лэкъумри, зэкІэрысри, хьэлыуэри, дэлэнри ермэлы цІыхубзщ зыпщэфІар. Лыбжьэр зыгъэхьэзырар афганщ, джэдлыбжьэр, пІастэр - урысщ. Адыгэм и лъэпкъ щэнхабзэм тепсэлъыхьар тэтэр хъыджэбзрэ дагъыстэн щІалэрэщ. Си сабийхэр лъэпкъ зэхуэмыдэхэм къахэкІами, адыгэ фащэкІэ схуапэри, утыку исшащ, адыгэ къафэ къэжиІащ, утыкум къихьэри, адыгэ къафэ къэфащ. СыщІохъуэпс мыпхуэдэ еджапІэ Пятигорск зэрыщыІэр Къэбэрдей-Балъкъэрми къыщащІэну, зэдэлэжьэну, лъэпкъ Іуэху зэдащІэну.

- Зэпеуэм фызэрыхэта фащэхэр, щывгъэлъэгъуа фэеплъхэр, хьэпшыпхэр дэнэ къыздипхар, Эммэ? КъыбдэІэпыкъуахэм я гугъу къытхуэщІыт.

- Дзэлыкъуэкъуажэ дэт Щэнхабзэм и унэм адыгэ фащэ 30 къызатащ. Бахъсэн къалэм щыщ Шопар Алан зэпеуэм щызгъэлъэгъуа хьэпшыпхэр, гуэгуэныр, Іэлъэщ1ыр къызитащ. А псори си сабийхэм я адэ-анэхэм кърашэлащ, зэбграшыжащ. Дэтхэнэ зыми фІыщІэ хузощІ. Гъэщ1эгъуэнракъэ, Аланрэ сэрэ дызэрыщІыхьакъым, нэхъапэм зэи дызэрихьэлІакъым. Абы щхьэкІэ къэмынэу, адыгэ щэнхабзэр Пятигорск щагъэлъэгъуэну къыщищІэм, езым зэхуэхэсахэм нэхъыфІ дыдэрэ нэхъ дахэу хэлъыр дзыхь къысхуищІащ. Псоми я цІэр къыпхуиІуэнкъым, дауи. Ауэ, къыздэІэпыкъуа дэтхэнэ зыми фІыщІэ ин хузощІ къытегъэзэжурэ. Дызэкъуэтмэ, дылъэщщ жыхуиІэр згъэунэхуащ.

Епсэлъар
КЪАНЫКЪУЭ Анфисэщ.





Тыркухэр зытхьэкъуа урыс щІалэ

Фи нэгум къыщІэвгъэхьэт цІыху мин 55-м зы уэрэд жаІэу. Зи гугъу тщІыр къэрал гимн е хэІущІыІу хъуа ежьу гуэр фи гугъэнщ. Арщхьэкіэ, Тыркум и «Галатасарай» гупыр Германием и «Штутгарт»-м щыпэщІэта топджэгум къыщыхъуар нэгъуэщІ зыгуэрщ.

ЗЭРЫФЩІЭЩИ, «Махуэкум» спорт хъыбар къыщыхэдгъахуэ хабзэр къэхъуам и мыхьэнэр абы и гъунэм щикІам дежщ. Нобэ апхуэдэ щхьэусыгъуэ къыдэзытар топджэгум хэт Батраков Алексейщ.

«Урысейм щыщ Месси» зыфІаща щІалэр Тыркум зэрыщагъэлъапІэр, абы хужаІэ щытхъур, зэрытепсэлъыхьыр зэхэпхмэ, лъэпкъ зэхэгъэж дунейм щызекІуэжу уи фІэщ мыхъуж къудейкъым, ар къэзыгъэхъеин зи хьэлхэр жыжьэ зэрынамыгъэсынур къыбгуроІуэ.

Сыт-тІэ Батраковым топджэгур зыфІэфІ тырку цІыхубэр къызэрыдихьэхар? Алексей и вагъуэр къыщыкъуэкІари тыркухэр гуфІэгъуэ хъийм изыхуари щэкІуэгъуэм и 3-м екІуэкІа топджэгу зэІущІэрщ. «Галатасарай»-р «Штутгарт»-м щыпэщІэта джэгугъуэм и япэ Іыхьэм Батраковым дакъикъэ 13-нэмрэ 15-нэмрэ зэкІэлъыпыту голитІ щыдихури, хьэрхуэрэгъухэм я гъуэр игъэхыщІащ. НэгъуэщІ гол а зэІущІэм щыдамыхуу, бжыгъэр 2:0-у топджэгур иухащ. Апхуэдэ щІыкІэу, «Чемпионхэм я лигэ» зэхьэзэхуэм Урысейм щыщ щІалэр ещанэ увыпІэм къыщыхутэри, «нэхъыфІ дыдэу джэгуам» хуагъэфэща тыгъэр къратащ. ГумащІагъкІэ тыркухэм уатекІуэнукъым. «Галатасарай»-м и дэщІакІуэхэм я фІыщІэр апхуэдизкІэ инти, асыхьэтым стадионым «Калинка» уэрэдым и макъамэр щыщІагъанэри, щІалэм и щІыхькІэ кърагъэуащ, «калинка» псалъэр зыхэтын хуей ежьум и Іыхьэр «Алекс Батраков» псалъэхэмкІэ яхъуэжри, уэрэдми, щІалэм и сурэтхэми, ар хэту зэхагъэува къэухь Іэрыщ1 теплъэгъуэхэми зэрыкъэралу зэлъищІысащ.

Топджэгукlэ Іэзагъэ къэбгъэлъагъуэу щытми, тыркухэр къыдумыхьэхыфынкІи хъунущ, гъэсэныгъэ пхэмылъмэ. Алексей а лъэныкъуэмкІи зыри игъэщІэхъуакъым. ФІыуэ зэрыджэгум и мызакъуэу, абы пщІэ къыхуащІ и дуней тетыкІэм щхьэкІи.

- Тыркубзэ зэбгъащІэрэ? - йоупщІ корреспондентыр Алексей.

- Иджыпстукlэ зытезгъащІэр инджылызыбзэрщ, сыту жыпІэмэ, си гъусэу джэгухэм ар сэ нэхърэ нэхъыфІу ящІэ, зэрызэпсалъэри аращ. ИнджылызыбзэмкІэ салъэщІыхьэжмэ, тыркубзэми сынэсыну къыщІэкІынщ.

«Европэм и футболым цІэщІэ къыхыхьащ, - етх спорт комментатор Гусев Алексей. - Дызэрыт джэгугъуэ лъэхъэнэм къыщыхэжаныкІар илъэс 21-м ит Батраков Алексейщ. Гъэмахуэм ар Мэзкуу и «Локомотив»-м хэкІри, Истамбыл и «Галатасарай»-м хыхьащ, кІуэрыкІуэм тетуи Тыркум къыщыдэщІхэр итхьэкъуащ».

И Хэкум иджыри къэс гъуэгу щызымыгъуэта щІалэм и зэфІэкІым Тыркум нэхъ зыкъыщІыщитІэтар езыгъэблэгъахэри и джэгуэгъухэри къызэрыхущытым хуэпхь хъунут, абы спортсменым къыдалъхуа гуэр дыщІымыгъужамэ.

«Галатасарай»-м зэгурыІуэныгъэ ирищІылІэну арэзы зэрыхъуу, Батраковым топджэгу клубым и президент Озбек Дурсун и уней кхъухьлъатэр къыхуигъэкІуащ, Истамбыл зэришэным хуэдэу. Илъэситхукlэ абы щыджэгуну, еврэ мелуан 25-м тещІыхьа зэгурыІуэныгъэр зэращІылІакІэщ.

Батраковым къыдихьэхахэм щІалэм псалъэ дахэ куэд тражыІыхьащ: «Ди нэкІэ тлъагъуу, пащтыхьыщІэ къоунэху», «Мыр Урысейм щыщ Мессищ», «Урысхэм нэхъ топджэгуакІуэфІ яІакъым».

Алексей унагъуэщ. Абы и щхьэгъусэ Подшибякинэ Ирини Урысейм и цІыхубз гуп къыхэхам хэту футбол мэджэгу.

ПлІанэпэр зыгъэхьэзырар
ЧЭРИМ Марианнэщ.

● Щэнхабзэ



Зэныбжьэгъугъэр зыгъэбыдэ

Дахащэу къызэгъэпэщауэ, купщІафІэу екІуекІащ «Осетинская лира» литературэ фестивалым и ещанэ зэхыхьэр. УФ-м и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэр я дэІэпыкъуэгъуу, литературэм, псапэ щІэным теухуауэ къызэрагъэпэщ Іуэхур мы гъэм теухуауэ щытащ Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсым, апхуэдэуи осетин художественнэ литературэм и лъабжьэр зыгъэтІылъа, уэзщІакІуэ Хетагуров Коста къыщалъхуа махуэм.



ФЕСТИВАЛЫМ наІуэу къигъэлъэгъуащ къалэмыр зи Іэщэхэм я псалъэм, жылагъуэм и Іуэхущ1апІэ лъэщхэм, цІыху гу пцІанэхэм я Іэужьым щІыналъэхэмрэ абыхэм щыпсэу лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэмрэ я зэпыщІэныгъэр зэрагъэбыдэр. Абы и щыхьэту Іуэху дахэм зэришэлІащ Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэм и къалащхьэ Владикавказрэ Осетие Ипщэм и щыхьэр Цхинвалрэ. Ар и фІыщІэщ илъэс ещанэ хъуауэ фестивалыр зи мылъкукІэ къызэрагъэпэщ хьэрычэтыщІэ, псапащІэ икІи жылагъуэ лэжьакІуэ Мирзоев Тамерлан. Мы гъэм зэІущІэм хэтащ пщІэ зиІэ лІыкІуэхэу 35-рэ: усакІуэхэр, тхакІуэхэр, зэдзэкІакІуэхэр, щІэныгъэлІ-филологхэр, литературэ критикхэр, УФ-м и щІыналъэхэм, нэгъуэщІ къэралхэм къикІа къулыкъущІэхэр. Іуэхум хэлъыфІыхьауэ зи цІэ япэ къиІуапхъэр Осетие Ищхъэрэм и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэраш (и тхьэмадэр Хозиев Борисщ). Республикэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Басиевэ Залинэрэ Осетие Ищхъэрэмрэ Осетие Ипщэмрэ я цІыхубэ усакІуэ Цариев Валерэрэ яхузэфІэкІащ зэхуэсынухэр щызэхуэсэну, щылэжьэну зэІущІапІэ пщІы бжыгъэхэр щІыналъитІми щагъэхьэзырыну.

Іуэху нэхъыщхьэ хъуащ Владикавказ Усыгъэм и театр къызэрыщызэІуахар. Гъуазджэм и зыужьныгъэр къызэрыфІэІуэхум и щыхьэту, ар зыщІар Мирзоев Тамерланщ. Ухуэныгъэм и теплъэр зыубзыхуари зи мылъкукІэ яухуари лъэпкъым и щІалэ гумащІэрщ. КъызэгъэпэщакІуэ комитетым и жэрдэмкІэ, Іуэхущ1апІэм и унафэщІу икІи и режиссёр нэхъыщхьэу ягъэуващ Цариев Валерэ. Абы и мурадщ художественнэ тхыгъэхэм, усыгъэм гъэхуауэ къеджэным, иджырей драматургием, лъэпкъ къафэхэм я жьэгу ар щІыну. Осетие Ищхъэрэм лъэпкъ политикэмрэ зэпыщІэныгъэхэмкІэ и министр Багиев Алан къыщыпсалъэм жиІащ щэнхабзэ зэпыщІэныгъэхэр игъэбыдэну, щІалэгъуалэ зэчиифІэхэм я зэІущ1апІэ хъуну, Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэм я зэдэлэжьэныгъэм абдеж зыщиужьыну зэрыщыгугъыр.

Усыгъэм и театрыращ художественнэ зэдзэкІыгъэхэр утыку къыщрахьар. Литературэхэм я зэпыщІэныгъэр наІуэу къагъэлъэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм икІа лІыкІуэхэм - тхакІуэ, публицист, «Слово» лъэпкъ литературэ саугъэтыр зыхуагъэфэща Къудей Фаридэ, балъкъэр усакІуэ, «Мингитау» журналым и редактор нэхъыщхьэ Додуев Аскэр, адыгэ усакІуэ икІи тхакІуэ, «Литературная Кабардино-Балкария» журналым жэуап зыхь и секретарь Хьэту Пётр сымэ. Мыбдеж къыщыхэзгъэщынщи, Къудей Фаридэ адыгэбзэм къригъэзэгъащ осетин тхакІуэ зыбжанэм я Іэдакъэщ1экІ рассказхэр. Додуев Аскэр къызэхуэсахэм я пащхьэ кърихьащ Хетагуров Коста и «Осетинская лира» тхылъыр, Мусукаевэ Сакинат балъкъэрыбзэкІэ зэридзэкІауэ. Москва щыщ усакІуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым куэд щІауэ и ныбжьэгъу Шестаков Лазарь и усэхэр Хьэту Пётррэ (адыгэбзэкІэ) Рахаевэ Іэминатрэ (балъкъэрыбзэкІэ) зэрадзэкІащ. Ахэр иту къыдэкІа тхылъхэр зэІущІэшхуэм кърихьэлІахэм я гуапэу зэІэпахащ.

Къыхэгъэщыпхъэщ Урысейм и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и лІыкІуэ Иванов Николай и «Когда играет флейточка» тхылъри утыку къызэрырахьар. Ар осетиныбзэм къригъэзэгъащ Цомартов Изатбек. Апхуэдэуи къызэхуэсахэм яфІэгъэщІэгъуэнащ Шэшэн Республикэм ЩІэныгъэхэмкІэ и академием и унафэщІ Ельсаев Аламахад и жыІэгъуэхэр. Ахэр зэрыт тхылъыр осетиныбзэкІэ къэзыгъэпсэлъар усакІуэ икІи режиссёр Цариев Валерэщ. ЗэІущІэм къыщыщыпсалъэм, Урысейм и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм жэуап зыхь и секретарым и къуэдзэ Латынин Валерэ къыхигъэщащ утыку кърахьа тхылъхэр лъэпкъ щхьэхуэныгъэхэр, абыхэм я бзэмрэ я хабзэхэмрэ хъумэным хуэлажьэ защІэу зэрыщытыр.

Фестивалым и етІуанэ лэжьэгъуэ тхьэмахуэр Осетие Ипщэм «Іэпхъуащ». Хьэщ1эхэр Цхинвал зэрынэсу, абыхэмрэ щІыналъэм и Правительствэм и лІыкІуэхэр, Парламентым и депутатхэр, нэгъуэщІ къэралхэм къикІахэр зыхэт гупымрэ удз гъэгъахэр тралъхьащ Хетагуров Коста и фэеплъым.

Цхинвал и щІэныгъэ Іуэхущ1апІэ цІэрыІуэхэм щекІуэкІащ зэІущІэ зэмылІэужьыгъуэхэр. Осетие Ипщэм и Лъэпкъ музейм и унафэщІ Засеев Мераб купщІафІэу къэпсэлъащ. Челябинск щыІэ «Степь» литературэ зэгухьэныгъэм и унафэщІ Ческидовэ Татьянэ къыхигъэщащ илъэс ещанэ хъуауэ къыздэкІуэ мы зэІущІэр гуапэу зэрекІуэкІыр, Кавказым зэрыщыхабзэу, хьэщІэр зэрыщагъэлъапІэр.

Фестивалым хэтахэм гуапэ ящыхъуащ Урысей Федерацэм и ЛІыхъужь Абаев Юрэ зэрыхуэзар. Абы епсэлъыпІахэм яхэтащ Екатеринбург щыщ зэдзэкІакІуэ Расторгуев Андрейрэ Басиевэ Залинэрэ. ЛІыхъужьым Іущ1а лъэпкъ интеллигенцэр тепсэлъыхьащ тхыдэ фэеплъэр хъумэныр, щІэблэр хэкупсэу къэгъэтэджыныр, зэхъуэкІыныгъэ инэр къыщыхъу ди зэманым иджырей тхакІуэмрэ абы и Іэдакъэщ1экІхэмрэ я мыхьэнэр цІыхубэм зыхрагъэщІэныр Іуэху пажэу зэрыщытым.

Іыхьэ купщІафІэт студент-журналистхэм зэрахуэзари. Къалэмыр зи Іэщэ ныбжьыщІэхэр ядэуэршэращ Иванов Николай зи пашэ Іэщ1агъэлІхэм, Хьэту Пётри абыхэм яхэту. ТхакІуэхэр студентхэм яхутепсэлъыхьащ иджырей литературэ къыдэкІыгъуэхэм яІэ щхьэхуэныгъэхэм, лъэпкъыбзэхэм заужьын папщІэ урысыбзэр тхъумэн зэрыхуейм.

Фестивалым хэтахэр щыІащ «Аланская гимназия» зыфІащэ школ-интернатым, лицейм, университетым. А зэІущІэхэм къызэщІаубыдащ щІалэгъуалэр тхылъ еджэным къыхуезыджэ, щыпсэу щІыналъэм щхьэкІэ я щхьэр лъагэу ялъагъужын зэрыхуейр щраІуэтылІэ мастер-классхэр, лекцэхэр.

Іуэху иным иджыри зэ хьэкъ ищІащ лъэпкъ куэд зыхэт «Осетинская лира» фестивалыр къэпщытакІуэ утыкушхуэ зэрыхъуар. Абы хэлъхьэныгъэшхуэ хуещІ цІыхухэм я псэкупсэ къулеигъэр нэхъри гъэбеиным, Кавказым ис лъэпкъхэм я щэнхабзэ хъугъуэфІыгъуэхэр хъумэным, зэкъуэш, зэгъунэгъу республикэхэм яку зэныбжьэгъугъэ дэлъыным.

ИСТЭПАН Залинэ.

Къэбым и махуэшхуэм зэхуишэсахэр

Налшык и Къэбэрдей уэрамым и лъэс зекІуапІэм иджыблагъэ щекІуэкІащ Къэбым и фестиваль. Мы гъэм ещанэу къызэрагъэпэщ Іуэхур я жэрдэмщ Налшыккъалэадминистрацэмрэ Налшык къалэм зегъэужьынымкІэ «Платформа» институтымрэ.





БЖЬЫХЬЭМ и фэ зраплъ къэбым иращІэкІа зэхыхьэм зэхуишэсащ къалэм щыпсэухэмрэ абы и хьэщІэхэмрэ. ЩІыналъэм и мэкъумэшыщІэхэм зи теплъэкІи, плъыфэкІи, инагъ-цІыкІуагъкІи зэщхьэщыкІ къэб лІэужьыгъуэ куэд фестивалым къашащ. МахуитІым и кІуэцІкІэ екІуэкІа зэхыхьэ гуапэм къэб варенэхэмрэ джемхэмрэ, къэб дэлэнхэр щыкуэдащ, къэпщэхуи зыубгъахуи хъуну, къэб теплъэ зиІэ фо бранычхэр гъэщІэрэщІэнымкІэ, цы зэІуащэнымкІэ, бжьыхьэ теплъэ зиІэ сурэтхэр щІынымкІэ мастер-классхэм ныбжьыщІэхэмрэ я адэ-анэхэмрэ хэтащ, «уэрэд жызыІэ хьэкъущыкъухэм», «Тыква» фильмым еплъащ. Ставрополь, Пятигорск къалэхэм къикІа хьэщІэхэм ягъэлъэгъуащ я Іэрыкl телъыджэхэр. Зэхыхьэм хэтахэм къэб дыщафэхэм я гъусэу сурэтхэр зытрагъэхащ.

- 2024 гъэм къэбым и махуэ къызэзгъэпэщыну мурад сщІыри, ар яжесІащ «Деловая Россия» ООО-м щІалэгъуалэр хьэрычэтым щыхурагъаджэу Налшык иІэ школыр къэзыухахэмрэ Налшык къалэм зегъэужьынымкІэ «Платформа» институтым и лэжьакІуэхэмрэ. Іуэхур къыздаІыгъащ икІи сыт и лъэныкъуэкІи къыздэІэпыкъуащ. Мыгъэрей фестивалыр Налшык къалэ администрацэм къызэригъэпэщащ, - жеІэ Блий Залинэ. - Япэ илъэситІым ебгъапщэмэ, иджы цІыху нэхъыбэ Іуэхум къызэрыпэджэжам гу лъыботэ. Къалэ администрацэм къыбгъэдэкІ къэб дэлэныхуэр зэхуэсахэм яхуэдгуэшащ. ЦІыхухэм я гукъыдэжыр къэтІэтынырщ дызыхущІэкъуари, къыдэхъулІамэ, гуапэщ.

Балигъхэми сабийхэми мы Іуэхур гъэщІэгъуэн ящыхъуащ. Псом хуэмыдэу ягу дыхьащ къэбым варенэрэ джемрэ къызэрыхэпщІыкІынум ущызыгъэгъуазэ дерсыр. Абы зыкърезыгъэхьэлІахэм ялъэгъуащ пасэрей, иджырей гъэхьэзырыкІэхэр.

Бжьыхьэм и тыгъэхэм ящыщ къэбым иращІэкІа зэхыхьэм къекІуэлІахэм я нэгу зрагъэужьащ «Open-Club» уэрэджыІакІуэ гупым.

Шхыныгъуэ сэбэпым, гурыхьым теухуа Іуэхур къызэзыгъэпэщахэм абы иджыри къыпащэну я мурадщи, шэч хэлъкъым ар кІуэ пэтми нэхъ щІэщыгъуэ зэрыхъунум.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ**
трихащ.



Макъамэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ

Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсым хуэщІа концерт Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал макъамэ театрым щекІуэкІащ. Школакlуэхэмрэ студентхэмрэ папщІэ къызэрагъэпэща а пшыхьыр я жэрдэмщ КъБР-м щыІэ МВД-м дэлажьэ Жылагъуэ советым щыщхэм.

КОНЦЕРТЫМ къеблэгъащ къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкlэ министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и къуэдзэ Бахъуэ Аслъэнрэ Жылагъуэ советым и лІыкІуэхэмрэ.

Макъамэ театрым и уэрэджыІакІуэ пажэхэм ягъэзэщІащ лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэм, зызэхэщІыкІыныгъэмрэ Хэкур фІыуэ лъагъунымрэ теухуахэр.

Бахъуэ Аслъэн къызэгъэпэщакІуэхэм фІыщІэ яхуищІри, къыхигъэщащ апхуэдэ зэхыхьэхэм къытщІэхъуэ щІэблэр хэкупсэу гъэсэнымкІэ мыхьэнэшхуэ зэраІэр.

- Жылагъуэ советым хэтхэм ди щІалэгъуалэр хэкупсэу гъэсэнымкІэ лэжьыгъэшхуэ ирагъэкІуэкІ. Нобэрей концертым хуэдэ Іуэхухэм мыхьэнэшхуэ яІэщ къытщІэхъуэ щІэблэм я деж зэкъуэтыныгъэр, лъэпкъыбэ щызэдэпсэу ди къэралым и тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ пщІэ хуащІыныр зыхалъхьэнымкІэ, - жиІащ министрым и къуэдзэм.

КъБР-м щыІэ МВД-м дэлажьэ Жылагъуэ советым и тхьэмадэ Мэкъушэ Руслан къыхигъэщащ пшыхьым артистхэм зэрызыкъыщагъэлъэгъуам и мызакъуэу, дэтхэнэ зи щІалэгъуэми Іэмал зэригъуэтар Къэбэрдей-Балъкъэрми Урысейми я лъэпкъхэм я унагъуэшхуэм зэрыщыщыр зыхищІэну.

Зыгъэхьэзырар
УЭРДОКЪУЭ Жантинэщ.

● СтІолыщхьэ теннис

Ацкъаныр ещанэщ

Новгород Ищхъэрэ областым и Кстовэ къалэм СпортымкІэ и дунейпсо академием щэкІуэгъуэм и 9 - 16-хэм щекІуэкІащ ветеранхэм стІолыщхьэ теннисымкІэ я чемпионат. Абы щызэпеуащ ди къэралым и щІыналъэхэм ящыщу 65-м я спортсмену 600-м щІигъу.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и щІыхьыр иІэту УФ-м и чемпионатым щыІащ КъБР-м Спортымкlэ и министерствэм олимпиадэм хэтыфыну сабий зэчиифІэхэр щагъэхьэзыр и спорт еджапІэм и гъэсэну щыта Ацкъан Артур икІи илъэс 40 - 49-рэ зи ныбжьхэм я деж ещанэ увыпІэр къыщихьащ. Абы и гъусэу джэгуащ Москва къалэм щыщ Чернышков Алексей.

Ацкъан Артур дэлажьэр спорт еджапІэм и тренер-егъэджакІуэ Унэжокъуэ Альбертщ.

МЭРШЭН Батыр.



Прокуратурэм и нэІэ тетынущ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурорым и къуэдзэ Къардэн Тимур цІыхухэм щаІущІащ Лэскэн районым.

ЩІЫНАЛЪЭМ щыпсэухэм абы зыкъыхуагъэзащ щІым, сабий зыгъэпсэхупІэхэр зыхуей хуэгъэзэным, щІыпІэмрэ псымрэ я къабзагъым ехьэлІа Іуэхухэмкlэ.

Республикэм и прокурорым и къуэдзэм хабзэм тету псори ягуригъэІуащ, къэпщытэн хуейхэм пыщІа кІэлъыплъыныгъэ Іуэхухэр къызэрагъэпэщащ.

БАХЪСЭН Ланэ.



Іуащхьэмахуэ и лъагъуэщІэхэр

● Туризм



Илъэс хъурейкІэ лажьэ «Іуащхьэмахуэ» курортым туристхэм папщІэ Іуэхутхьэбзэщ1э къыщызэІуахащ, къитащ иджыблагъэ «Кавказ.РФ» зыужьыныгъэмкІэ институтым. Иджы хьэщІэхэм Іэмал яІэщ гъущІ шэрхъхэр зыщІэлъ, уэс джабэ нэкІухэм щызекІуэ хъу трактор-хьэлъэзешэхэмкІэ метр 5100-рэ щІыпІэм нэс Іуащхьэмахуэ дэкІыну. Нэхъ лъагэ дыдэу ахэр здэкІуэфынур абы нэсщ.

«КАВКАЗ. РФ»-м зэрыщыжаІамкІэ, лъагъуэщІэхэр пхрашащ курортым куэд щІауэ къыдэлажьэ Іуэхущ1апІэхэм я гъусэу. Япэ гъуэгур къагъэщІэрэщІэжыну ягъэхьэзыр «Приют 11» хьэщІэщым хуокІуэ икІи метр 4100-кІэ докІуей. ЕтІуанэ гъуэгур Пастуховым и къырым хуокІуэ. Іуащхьэмахуэ къэхутэныгъэхэр щрагъэкІуэкІыну япэу ежьахэр абдеж жэщгъуэлъ къыщыувыІауэ щытащ илъэси 130-кІэ узэІэбэкІыжмэ. Ещанэ гъуэгур - ар техникэр нэхъ лъагэ дыдэу зыдэкІуеиф лъагапІэрщ - метр 5100-рэ зи гугъу тщІарщ. Абдежым Іуащхьэмахуэ уардэ и теплъэ дахэр псом хуэмыдэу щыІупщІщ.

Апхуэдэуи, «Кавказ.РФ»-м зэрыщыжаІамкІэ, а гъуэгуанэхэм теувэну мурад зыщІхэр абы хуэхьэзыру щытын хуейщ, я узыншагъэкІи, я къарукІи апхуэдиз зи лъагагъ бгым тетыфын хуэдэу, шынагъуэншагъэм ехьэлІауэ щыІэ хабзэхэри ягъэзэщІапхъэщ.

КЪАЛМЫКЪ Альберт.

Унафэщ1-редактор ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр:

Жыласэ Заурбэч *(редактор нэхъыщхьэ)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщ1-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ**, **Къумахуэ Аслъэн**, **НэщІэпыджэ Замирэ**, **Чэрим Марианнэ**, **Щхьэщэмыщ1 Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщ1-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкlэ - 42-22-88, 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хъыбарыщІэхэмрэ спортымкІэ - 42-22-89; хабзэхъумэ Іэнатlэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер Іэнатlэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щІэту.

Къыдэзыгъэкlхэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.101
Заказыр №2 530

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зыгъэхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКІЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Заирэ** *(1, 4-нэ нап.)*, **Щоджэн Иннэ** *(2, 3-нэ нап.)*.

Компьютеркlэ газетым и теплъэр ящІащ **Ныр Саидэ**, **Щомахуэ Марианнэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, Есэнтlыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.